

Vil New York

Plan pou Alokasyon HOME-ARP a

BOUYON

Kontak:

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) homearp@hpd.nyc.gov

Modèl Plan pou Alokasyon HOME-ARP

Gid

- Pou resevwa alokasyon HOME-ARP li, yon PJ dwe:
 - Angaje nan konsiltasyon ak omwen òganizasyon obligatwa yo;
 - Bay patisipasyon piblik ki gen ladann yon peryòd konsiltasyon piblik 15 jou, ak yon odyans piblik, pou yon minimòm: epi,
 - Devlope yon plan ki reponn ak kondisyon ki nan Avi HOME-ARP a.
- Pou soumèt: yon PJ dwe telechaje yon vèsyon Microsoft Word oswa PDF plan an nan Sistèm Entegre Debousman ak Enfòmasyon (Integrated Disbursement and Information System, IDIS) kòm yon atachman akote opsyon "plan alokasyon HOME-ARP" sou swa ekran AD-26 la (pou PJ kote plan aksyon anyèl FY (Fiscal Year, FY) 2021 an se yon Plan aksyon anyèl Ane 2-5) oswa ekran AD-25 (pou PJ kote plan aksyon anyèl ane fiskal 2021 an se yon plan aksyon anyèl Ane 1 ki fè pati plan konsolide 2021 an).
- PJ yo dwe soumèt tou yon SF-424, SF-424B, ak SF-424D, ak sètifikasyon sa yo, kòm yon atachman sou swa ekran AD-26 oswa AD-25, jan sa aplikab:
 - Favorize Lojman Ekitab yon Fason Afimatif.
 - Lwa sou Politik Inifòm pou Èd nan Zafè Demenajman (Uniform Relocation Assistance and Real Property Acquisition Policies Act) ak Akizisyon Byen Imobilye ak Plan Èd Anti-deplasman ak Demenajman;
 - Anti-lòbi;
 - Otorite Jiridiksyon;
 - Seksyon 3; ak,
 - Sètifikasyon HOME-ARP espesifik.

Jiridiksyon Patisipan: Vil New York

Dat: 03/31/2023

Entwodiksyon

Nan dat 11 Mas 2021 an, Prezidan Biden te siyen Lwa sou Plan pou Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act of 2021) ane 2021 an (P.L. 117-2) ("ARP") pou fon ki afekte konfòmeman ak seksyon 3205 lan pou Pwogram Patenarya Envestisman HOME lan (HOME Investment Partnership Program, HOME) pou founi asistans pou moun ki sanzabri ansanm ak sèvis sipò ki founi soulajman pou abòde enpak pandemi COVID-19 la kontinye fè sou ekonomi an, sante piblik, gouvènman Eta ansanm ak gouvènman lokal yo, moun ak biznis yo.

HOME –ARP te kreye pou sipòte popilasyon espesifik (premyèman fanmi ki sanzabri ak moun ki gen risk pou yo sanzabri) atravè senk (5) aktivite:

1. Devlopman ak sipò nan lojman abòdab
2. Èd pou lojman lokatif (Tenant-Based Rental Assistance, TBRA)
3. Sèvis sipò
4. Akizasyon ak devlopmanabri ki pa kolektif (Non-Congregate Shelter, NCS)
5. Fonksyonman san bi likratif ak devlopman kapasite

Kongrè a te aproprye 5 milya dola, ki te pou jiridiksyon patisipan yo (participating jurisdictions, PJs) lè l sèvi avèk fòmil alokasyon HOME. Nan Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year, FFY) 2021, HUD te bay Vil New York yon montan \$269,831,517 finansman HOME-ARP pou aktivite yo pwopoze jiska 30 septanm 2030.

Pou resevwa finansman yo, Vil la oblije devlope epi soumèt bay (Department of Housing and Urban Development, HUD) yon Plan Alokasyon HOME-ARP, ki dekri kijan finansman HOME-ARP yo ta dwe afekte pou aktivite ki kalifye yo. Sa ki anba la a se Plan Alokasyon HOME-ARP Vil la.

Konsiltasyon

Anvan li devlope plan li a, yon PJ dwe konsilte avèk Kontinwite Swen (Continuum of Care, CoC) k ap sèvi zòn jeyografik jiridiksyon an, founisè sèvis pou sanzabri ak vyolans domestik yo, gwoup veteran yo, ajans lojman piblik (Public Housing Agencies, PHAs), ajans piblik ki reponn ak bezwen popilasyon ki kalifye yo, ak òganizasyon piblik oswa prive ki trete zafè lojman ekite, dwa sivil, ak bezwen moun ki gen andikap, nan yon minimòm. PJ Eta yo pa oblije konsilte chak PHA oswa CoC nan limit eta a; sepandan, PJ lokal yo dwe konsilte tout PHA yo (ki gen ladan PHA nan tout eta a oswa rejyonal yo) ak CoC k ap sèvi jiridiksyon an.

Rezime pwosesis konsiltasyon an:

Pou enfòmè devlopman Plan Alokasyon HOME-ARP li a, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Housing Preservation and Development, HPD) te fè reyinyon konsiltasyon ak plizyè patnè ak moun ki gen enterè k ap sèvi bezwen popilasyon ki kalifye yo. Moun yo te konsilte yo enkli NYC CoC, lòt ajans Vil la, ak òganizasyon prive k ap sèvi moun ki sanzabri, sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, moun ki gen andikap, veteran ak lòt popilasyon vilnerab yo. Konsiltasyon sa yo te bay HPD opòtinite pou tande dirèkteman founisè sèvis yo ki gen konesans dirèk sou bezwen yo, mank ki genyen nan sèvis yo, ak inisyativ potansyèl popilasyon ki kalifye yo t ap benefisyè.

HPD te fè konsiltasyon vityèl sitou atravè Microsoft Teams ant janvyè ak fevriye 2023. Premye konsiltasyon an te fèt ak NYC CoC lè yo te patisipe nan Komite Dirijan vityèl yo. Apresa HPD te fè plizyè seyans enfòmasyon vityèl pou tout lòt entèvenan yo pou mande yo opinyon yo.

Fidbak yo resevwa yo rezime nan tablo ki anba a. Anplwaye HPD yo pral kontinye angaje entèvenan yo pandan tout aplikasyon aktivite HOME-ARP yo pwopoze yo pou asire yo reponn ak bezwen priyorite popilasyon ki kalifye yo.

Tablo 1. Lis òganizasyon yo konsilte yo, ak rezime fidbak yo resevwa nan men antite sa yo.

Ajans/Òganizasyon yo Konsilte	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Fidbak
Kontinyòm Swen Vil New York (Continuum of Care, CoC)	Òganizasyon piblik/prive ki trete Lojman Ekitab, Dwa Sivil, ak Bezwen Moun ki gen Andikap yo.	Reyinyon Komite Dirijan CoC atravè Zoom ak swivi imèl	<ul style="list-style-type: none"> • Plis finansman nesèsè pou elaji pwogram prevansyon degèpisman Homebase Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) a, ki desèvi moun ki riske pèdi kay oswa ki bezwen sèvis estabilizasyon lojman atravè Vil New York • Bezwen pou pwogram dedye ak finansman pou aksè nan bon kominote ak jesyon avantaj yo
Biwo Majistra pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak Vyolans Ki Baze Sou Sèks (End Domestic and Gender-Based Violence, ENDGBV)	Ajans piblik ki trete bezwen QP yo	Reyinyon Microsoft Teams ak swivi imèl	<ul style="list-style-type: none"> • Bezwen pou lojman an sekirite ak abòdab se yon enkyetid prensipal pou sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks • Opsyon lojman pèmanan aktyèl yo pa ase pou reponn ak demann èd • Kounye a sa pran apeprè 3 lane oswa plis pou mete viktim vyolans domestik yo nan lojman piblik • Sivivan vyolans domestik/ki baze sou sèks ki selibatè yo gen pi piti opsyon lojman ki disponib
Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans Services)	Ajans piblik ki trete bezwen QP yo	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Bezwen pou ajans Vil ki bay sèvis prevansyon pou sanzabri ak sèvis konsèy sou lojman pou veteran sou plas pou yo vin ajans konsèy pou lojman HUD apwouve. • Aksè nan nouvo lojman ak aksè nan pi bon kondisyon lojman se 2 nan 3 pi gwo bezwen veteran Vil New York yo

Ajans/Òganizasyon yo Konsilte	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Fidbak
Sèvis pou moun ki mal Desèvi yo, Inc. (Services for the Underserved, Inc., SUS)	Founisè Sèvis DV	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Bezwen finanse anplwaye sipleman tè pou founisè sèvis yo diminye reta nan livrezon sèvis yo • Plis fon nesèsè pou konplete pwogram aktyèl yo tankou pwogram Homebase HRA a • Swivi, resètifikasyon sibvansyon, èd pou aryere yo nesèsè
Rezo Kominotè ADAPT (ADAPT Community Network)	Òganizasyon piblik/prive ki trete Lojman Ekitab, Dwa Sivil, ak Bezwen Moun ki gen Andikap yo.	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Bezwen plis finansman pou ede moun ki gen andikap yo jwenn anviwonman ki estab lakay yo
Rezo Lojman Ki Bay Sipò nan New York (Supportive Housing Network of New York, SHNNY)	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Yo pa bay okenn fidbak espesifik
Volontè Amerik (Volunteers of America, VOA)	Gwoup Veteran	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Yo pa bay okenn fidbak espesifik
Fon Doe (Doe Fund)	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite ak swivi imè	<ul style="list-style-type: none"> • Bezwen èd pou lokasyon lojman ki la deja
Riseboro	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Yo pa bay okenn fidbak espesifik
Patenarya Konstriktif san limit (Constructive Partnerships Unlimited)	Òganizasyon piblik/prive ki trete Lojman Ekitab, Dwa Sivil, ak Bezwen Moun ki gen Andikap yo.	1:1 reyinyon/konvèsasyon	<ul style="list-style-type: none"> • Yo pa bay okenn fidbak espesifik
Sèvis pou Veteran ak Fanmi Atravè Lemond (Worldwide Veterans and Family Services)	Gwoup Veteran	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Moun k ap viv poukont yo pou premye fwa, espesyalman apre anprizonman, bezwen èd pou yo adapte yo, edikasyon sou fason pou viv an sekirite epi nan pwòprete, swivi sante mantal. • Bezwen lojman pou veteran

Ajans/Òganizasyon yo Konsilte	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Fidbak
New Destiny Housing	Founisè Sèvis DV	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Navigasyon lojman ak sèvis retansyon yo esansyèl/efikas pou ansyen sanzabri yo • Sivivan DV yo bezwen pi bon aksè nan lojman ki gen sèvis sipò; definisyon kwonik /fenomèn sanzabri a te yon baryè • Bezwen pou jwenn anplwaye ki fòme nan rediksyon risk
Breaking Ground	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Èd finansye ak aryere ki nesese pou mank ki genyen ki pa ka konble avèk ERAP • Apre yo antre nan lojman an, ansyen sanzabri yo ka izole, afekte peman lwaye, si pa gen sèvis retansyon/estabilizasyon.
Sant pou Sèvis Kominotè Iben (Center for Urban Community Services, CUCS)	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Yo pa bay okenn fidbak espesifik
Project Renewal	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Yo pa bay okenn fidbak espesifik
Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (NYS Division of Homes and Community Renewal, HCR)	PHA	1:1 reyinyon/konvèsasyon	<ul style="list-style-type: none"> • Plan pou konsantre sou konstriksyon ak konvèti lojman pou moun ki <50% AMI, ki genyen ak ki pa gen sèvis pou rezidan yo
Federasyon Zòn Lwès pou Lojman pou Granmoun Aje ak Sipò (West Side Federation for Senior and Supportive Housing, WSFSSH)	Founisè Sèvis pou Sanzabri	Diskisyon Microsoft Teams Fasilite	<ul style="list-style-type: none"> • Bezwen kapital pou mete ajou lojman pèmanan ki la deja sou fòm Chanm Endividyèl pou moun aje pou yo ka vyeyi sou plas • Bezwen sèvis lejè, fòmasyon sou teknoloji pou tout ansyen sanzabri k ap antre nan lojman pèmanan pou asire yo ka

Ajans/Òganizasyon yo Konsilte	Kalite Ajans/Òganizasyon	Metòd Konsiltasyon	Fidbak
			jwenn aksè nan avantaj ki disponib yo
Sosyete Devlopman Inisyativ Katye yo (Neighborhood Initiatives Development Corporation, NIDC)	Òganizasyon Piblik/Prive ki trete zafè Lojman Ekitab ak Dwa Sivil; Founisè Sèvis pou Sanzabri	1:1 reyinyon /konvèsasyon ak imèl swivi	<ul style="list-style-type: none"> • Prevansyon pou sanzabri a pa rechite nesite finansman pou navigasyon lojman ak anplwaye pou sipòte retansyon lojman • Bezwen anplwaye ki ofri koneksyon ak sèvis sante ak sosyal ak edikasyon ak pratik sou sekirite, rezoud pwoblèm, planifikasyon finansye
New York City Housing Authority (NYCHA)	PHA	1:1 reyinyon	<ul style="list-style-type: none"> • Rezidan Lojman Piblik yo bezwen yon fason dezespere èd ak aryere lwaye

Patisipasyon Piblik:

*PJ yo dwe bay ak ankouraje patisipasyon sitwayen yo nan devlopman plan alokasyon HOME-ARP. Anvan yo soumèt plan an, PJ yo dwe bay rezidan yo yon avi rezonab ak yon opòbilite pou fè kòmantè sou plan alokasyon HOME-ARP yo pwopoze a pandan **omwen 15 jou kalandriye**. PJ a dwe suiv egzijans li adopte yo pou "avi rezonab ak yon opòbilite pou fè kòmantè" pou modifikasyon plan nan plan patisipasyon sitwayen aktyèl li a. Anplis, PJ yo dwe fè **omwen yon (1) odyans piblik** pandan devlopman plan alokasyon HOME-ARP a epi anvan yo soumèt li.*

Pou rezon HOME-ARP, PJ yo oblije mete enfòmasyon sa yo disponib pou piblik la:

- *Kantite HOME-ARP PJ a pral resevwa,*
- *Kantite aktivite PJ a ka antreprann.*

Dekri pwosesis patisipasyon piblik la, ki gen ladan enfòmasyon konsènan ak dat peryòd konsiltasyon piblik la ak odyans piblik ki te fèt pandan devlopman plan an:

- ***Dat Avi Piblik la: 3/2/2023***
- ***Peryòd konsiltasyon piblik: dat kòmansman: 3/9/2023; dat li fini: 3/24/2023***
- ***Odyans piblik: 3/15/2023***

Dekri nenpòt efò pou ogmante patisipasyon piblik la:

Yon PJ dwe konsidere nenpòt kòmantè oswa opinyon rezidan yo resevwa alekri, oswa aloral nan yon odyans piblik lè l ap prepare plan alokasyon HOME-ARP.

Fè rezime kòmantè ak rekòmandasyon yo resevwa atravè pwosesis patisipasyon piblik la:

Fè rezime nenpòt kòmantè oswa rekòmandasyon yo pa aksepte epi endike rezon ki fè yo pa aksepte yo:

Evalyasyon Bezwen ak Analiz Mank yo

PJ yo dwe evalye gwosè ak konpozisyon demografik popilasyon ki kalifye yo nan limit li yo epi evalye bezwen popilasyon ki pa satisfè yo. Anplis, yon PJ dwe idantifye ak mank ki genyen nan envantè abri ak lojman aktyèl li ansanm ak sistèm livrezon sèvis la. Yon PJ dwe itilize done aktyèl yo, ki gen ladan konte pwen, konte envantè lojman, oswa lòt done ki disponib atravè CoC yo, ak konsiltasyon ak founisè sèvis yo pou evalye moun yo ak fanmi yo nan popilasyon ki kalifye yo ak bezwen yo pou lojman siplemantè, abri oswa sèvis. PJ a ka sèvi ak tablo ki pa obligatwa yo bay pi ba a epi/oswa tache tablo done siplemantè nan modèl sa a.

Tablo 2. Envantè Bezwen Lojman ak Analiz Mank

Sanzabri									
	Envantè Aktyèl			Popilasyon ki Sanzabri				Analiz Mank	
	Fanmi	Granmou Sèlman	Veteran	Kantite Fanmi ki nan Kay la (omwen 1 timoun)	Kantite Granmoun ki nan Kay la (san timoun)	Veteran	Viktim Vyolans Domestik	Fanmi	Granmou Sèlman
	# Kabann	# Kabann	# Kabann					# Kabann	# Kabann
Abri Dijans	31,138	31,786	160						
Lojman Tranzisyon	332	2,588	179						
Lojman Sipò Pèmanan	7,711	27,854	4,996						
Lòt Lojman Pèmanan	555	95	0						
Sanzabri yo Ebèje				29,532	28,798	474	4,845		
Sanzabri yo pa Ebèje				0	3,452	8	0		
Mank Aktyèl oswa Sa Ki Rete Anplis								1,606	-464

Sous Done: [2022 NYC Kantite nan yon Sèten Tan \(NYC Point in Time Count, PIT\)](#); [2022 Continuum of Care Kantite nan yon Sèten Tan \(NYC Point in Time Count, PIT\)](#)

Jan done yo montre sa nan Tablo 2 a, gen yon bezwen pou abri dijans espesyalman pou granmoun. Chak ane, plizyè santèn rezidan Vil New York deplase kite nan kay yo akòz dife, lokasyon ilegal, ak lòt kondisyon danjere. Kounye a gen yon defisi anviwon 464 kabann pou granmoun nan sistèm abri dijans Vil la.

Dekri gwose ak konpozisyon demografik popilasyon ki kalifye nan limit PJ yo:

Popilasyon ki Sanzabri

Tablo 3 anba a montre gwose ak konpozisyon demografik popilasyon ki sanzabri nan Vil New York apati 2022. Jan done yo montre, moun nwa New York yo e sitou rezidan Nwa ak Panyòl yo gen yon enpak dispwopòsyonèl akòz kriz lojman ak sanzabri yo.

Tablo 3: Demografi Sanzabri NYC 2022

Popilasyon ki Sanzabri nan Vil New York (ebèje epi ki pa ebèje)	Moun ki Sanzabri	Pataje Moun ki Sanzabri yo
Total	61,840	100%
Ras		
Nwa oswa Afriken Ameriken	45,686	74%
Blan	10,696	17%
Azyatik	746	1%
Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska	419	1%
Natif Natal Away/lòt Moun nan Zile Pasifik la	957	2%
Plizyè Ras	3,336	5%
Orijin Etnik		
Ispanik / Latino	23,415	38%
Ki pa Ispanik / Ki pa Latino	38,425	62%
Sèks		
Fanm	26,715	43%
Gason	34,657	56%
Transjan	421	1%
Sèks Ki Pa Konfòm	44	<1%
Kesyonman	3	<1%
Sou-Popilasyon		
Malad Mantal Grav	9,980	16%
Abi Sibstans Kwonik	4,576	7%
Veteran	482	1%
VIH/SIDA	2,896	5%
Viktim Vyolans Domestik	4,845	8%
Jèn ki pa Akonpaye	2,094	3%
Jèn Paran	1,500	2%
Timoun Jèn Paran yo	1,669	3%

Sous Done: [2022 NYC Kantite nan yon Sèten Tan \(NYC Point in Time Count, PIT\)](#)

Moun ki nan Risk pou Sanzabri

Anplis popilasyon ki sanzabri a, gen Nouyòkè ki gen risk pou yo sanzabri epi ki gen enstabilite lojman tou. Jan HUD defini l, sa yo se moun ak fanmi ki gen yon revni ki pi ba pase 30% revni medyan pou zòn (Area Median Income, AMI), ki pa gen ase resous oswa rezo sipò pou anpeche yo vin sanzabri, oswa ki pa gen lojman ki estab, tankou demenaje omwen de (2) fwa pandan 60 dènye jou yo pou rezon ekonomik.

Gen yon gwo diferans ant kantite fanmi lokatè ki gen revni ki pi ba pase 30% AMI ki gen omwen yon (1) pwoblèm lojman grav ak kantite inite lojman abòdab pou kay ki gen revni nan nivo 30% AMI an. Dapre done Sondaj Kominote Ameriken 2021, gen 512,210 fanmi lokatè ki fè 30% AMI oswa ki fè pi ba pase pousantaj sa a ki gen anpil moun (pi plis pase 1.5 moun pou chak chanm), ki manke kizin oswa plonbri konplè, oswa ki fè fas a yon chaj finansye ki plis pase 50 pousan nan revni mansyèl yo. Total sa a depase kantite inite abòdab nan nivo 30% AMI pou chak 193,237. Genyen yon lòt 135,560 fanmi lokatè ki fè ant 30-50% AMI ki gen pwoblèm lojman grav.

Tablo 4: Demografik, Sa ki a Risk yo

Fanmi Lokatè Vil New York yo	0%-30% Fanmi AMI	30%-50% Fanmi AMI	0%-30% Fanmi AMI avèk 1 oswa plis pwoblèm lojman grav	30%-50% Fanmi AMI avèk 1 oswa plis pwoblèm lojman grav
Total	675,691	334,894	512,210	135,460
Ras				
Nwa oswa Afriken Ameriken	173,349	81,847	130,601	27,684
Blan	132,672	67,804	107,375	39,104
Azyatik	69,740	34,266	54,598	17,287
Endyen Ameriken/Natif Natal Alaska	607	558	607	558
Moun ki soti nan Zile Pasifik yo	379	0	379	0
Ispanik	271,831	137,468	194,428	45,157
Plizyè ras/Lòt ras, pa Ispanik	27,370	12,951	24,222	5,670

Sous Done: 2021 ACS 1-Year Public Use Microdata Sample (PUMS)

Tablo 4 pi wo a montre bezwen lojman grav nan mitan tout fanmi Vil New York selon ras oswa gwoup etnik selon nivo Revni Mwayèn nan Zòn HUD. Bezwen lojman grav vle di nenpòt youn oswa plizyè pwoblèm lojman grav: enstalasyon kizin oswa plonbri ki pa konplè, twòp moun (pi plis pase 1.5 moun pou chak chanm), oswa chaj finansye ki plis pase 50 pousan. La a nou diskite chak nan kat (4) nivo revni HUD k ap chèche bezwen dispwopòsyonèl pa gwoup rasyal/etnik pa "Pwoblèm Lojman Grav."

Nan tout lokatè Vil New York yo, 53.4 pousan gen yon chaj finansye pou lojman ki plis pase 30 pousan. An jeneral, 29.1 pousan peye plis pase 50 pousan revni pou lwaye brit. Moun ki plis afekte yo se moun ki gen revni ki ba ki mwens pase 30 pousan AMI, ki gen chaj finansye lwaye medyàn ki pa tolerab ki se 81 pousan. Yo santi chaj finansye yo yon fason relatif menm jan an atravè gwo gwoup rasyal ak etnik.

0 – 30% Revni Medyàn pou Zòn Nan nivo revni sa a, 75.8 pousan nan fanmi lokatè yo fè fas ak yon pwoblèm lojman grav. Yo eksperimante pwoblèm sa yo nan menm pousantaj atravè gwo gwoup rasyal ak etnik yo.

30 – 50% Revni Medyàn pou Zòn Nan nivo revni sa a, Blan ak Azyatik yo tou fè eksperyans yon ensidans dispwopòsyonèl nan nenpòt pwoblèm lojman grav nan 57.6 pousan ak 50.4 pousan, respektivman, konpare ak pousantaj jeneral nan 40.4 pousan.

Tablo 5: Chaj Finansye

	Fanmi Total	Fanmi ki gen Chaj Finansye 30%-50%	Pataj Chaj Finansye 30%-50%	Fanmi ki gen Chaj Finansye ki Grav >50%	Pataj Chaj Finansye ki Grav >50%	Total Chaj Finansye	% Total
0-30% AMI	675,691	105,738	15.6%	450,946	66.7%	556,684	82.4%
30-50% AMI	334,894	150,313	44.9%	116,473	44%	266,786	79.7%

Sous Done: 2021 ACS 1-Ane PUMS

Yon total 727,265 fanmi lokatè kay ki gen revni mwens pase 100 pousan AMI fè fas ak kèk pwoblèm lojman grav (manke kizin /plonbri konplè, twòp moun, oswa gwo chaj finansye ki plis pase 50 pousan). Pwoblèm gwo chaj finansye lwaye a pi grav nan mitan lokatè ki gen revni mwens pase 30 pousan AMI. Nan kategori revni sa a, 65.8 pousan gen chaj finansye ki plis pase 30 pousan ak 61.7 pousan peye yon gwo chaj finansye ki plis pase 50 pousan.

Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA), pi gwo otorite lojman piblik nan Amerik di Nò, li te kreye nan lane 1935 pou ofri lojman desan, an sekirite, abòdab pou Nouyòkè ki gen revni ki ba ak modere yo. NYCHA se kay pou anviwon 1 Nouyòkè sou 16 nan plis pase 177,569 apatman nan 335 devlopman lojman atravè lojman piblik konvansyonèl, Seksyon 8, ak pwogram Angajman Abòdabilite Pèmanan Ansanm (Permanent Affordability Commitment Together, PACT) apati desanm 2022. Apatman NYCHA yo reprezante 11.2% nan tout apatman lokasyon nan tout vil la. Anplis, NYCHA bay bon asistans pou lokasyon Seksyon 8 pou fanmi ki gen revni fèb k ap viv nan apatman prive. Apati Desanm 2022, 94,677 fanmi ap resevwa asistans pou lokasyon Seksyon 8 NYCHA.

Tablo 6: Done Demografik: Lojman Piblik Konvansyonèl Seksyon 9

Kalite	Gwosè Lis Datant Aplikasyon
# Apatman	162,143
# Devlopman	277
# Fanmi	154,927
# Rezidan Otorize	331,879
# Bilding	2,206
Revni Brit Mwayèn	\$25,239

Sous Done: Anyè Done Lokatè ak Pwopriyete NYCHA, apati 31 desanm 2022

Pandan NYCHA bay resous enpòtan pou Nouyòkè ki gen risk pou yo sanzabri, bezwen resous sa yo depase kantite rezèv, jan anpil tan datant pou lojman piblik ak Seksyon 8 la montre sa. Tan datant yo espesyalman long pou aplikasyon ak transfè priyorite estanda oswa ki pa ijans. Yon analiz detaye 2017 te estime tan datant depi premye soumisyon aplikasyon an jiska lokasyon selon gwosè apatman pou aplikasyon ki pa gen yon ijans (prijorite N4) e li te jwenn mwayèn pondere a se 19.4 lane. Aplikasyon priyorite pou ijans yo (ki gen ladan moun ki aktyèlman ap fè fas ak sanzabri nan abri DHS) gen pi gwo priyorite epi yo kontakte yo an premye, sa vle di tan datant yo pi varyab ak pi kout. Tan datant an mwayèn pou moun ki sou lis datant preliminè pou yon bon Seksyon 8 NYCHA se 16.0 lane.

Tablo 7: Aplikan pou Èd Lojman Piblik NYCHA

Kalite	Gwosè Lis Datant Aplikan an
Aplikan pou Lojman Piblik*	263,621
Aplikan Seksyon 8**	15,243

Sous Done: Analiz sous done NYCHA pa Depatman Swivi ak Analiz Pèfòmans NYCHA (Performance Tracking and Analytics Department, PTAD)

* Lis datant pou lojman piblik egzije renouvèlman chak dezan; otreman, aplikasyon an ap ekspire.

**Lis datant Seksyon 8 te fèmen an 2007 e nenpòt moun ki te vle rete te oblije fè demann pandan peryòd sa a. Majorite aplikasyon yo soti nan tan sa a. Eskli lòt aplikan ki pi resan ki te fè demann pou lis datant RAD-PACT.

Tablo 8: Estimasyon Tan Datant Lojman Piblik an Ane pou yon Aplikan Priyorite Estanda N4

Gwosè Apatman	Tan Datant Mwayèn an Ane
Estidyo	15.6
1 Chanm	3.9
2 Chanm	24.2
3 Chanm	14.4
4 Chanm	31.9
5 Chanm	2.5
Mwayèn Pondere	19.4

Sous Done: Analiz sous done NYCHA pa Depatman Swivi ak Analiz Pèfòmans NYCHA (Performance Tracking and Analytics Department, PTAD)

Anplis nesesite pou lojman pwofondman abòdab NYCHA bay nan mitan popilasyon ki pi laj nan vil la, gen plizyè dizèn milye Nouyòkè k ap viv kounye a nan lojman piblik NYCHA ki touche mwens pase 30 pousan AMI epi ki gen enstabilite lojman akòz aryere lwaye ki gen rapò ak pandemi. Kay NYCHA yo se kèk nan pi ba revni nan vil la, ak yon revni brit mwayèn sèlman \$25,239. Nan mwa fevriye 2023, te gen plis pase 71,000 kay lojman piblik ak aryere lwaye, ki totalize plis pase \$450M.

Kouri oswa eseye sove anba vyolans domestik oswa trafik moun

Gen prèk nasyonal ak lokal ki byen dokimante ki montre entèseksyon vyolans ki baze sou sèks ak sanzabri. An reyalye, vyolans entèpèsyonèl se kòz prensipal ki lakòz fanm ak timoun sanzabri, epi bezwen pou lojman an sekirite ak abòdab se yon enkyetid prensipal pou sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks. Nan Vil New York, sivivan ki antre nan yonabri pou vyolans domestik souvan pa ka jwenn lojman ki estab nan peryòd tan limite eta a (180 jou) epi yo ranvwaye yo nan sistèmabri pou sanzabri a ki lakòz plis pètibasyon anvan yo jwenn lojman pèmanan.

Tablo 9: Kantite Abri pou Vyolans Domestik HRA (apati desanm 2022)

Kantite moun ki genyen nan fanmi an	Kantite
Granmoun ki pa Marye	114
Granmoun Nan Fanmi	1,494
Timoun Nan Fanmi	2,346
Total	3,954

Sous Done: [Local Law 37 HRA- Report – OpenData](#)

Idantifye epi konsidere resous aktyèl ki disponib pou ede popilasyon ki kalifye yo, tankou inite abri kolektif ak abri ki pa kolektif, sèvis sipò, TBRA, ak lojman pou lokasyon sipò abòdab ak pèmanan:

Plizyè ajans Vil la pou lojman ak ajans pou moun ki sanzabri ki gen ladan Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman, Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS), Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA), ak Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) gen responsablite pataje pou bay aksè a yon lojman abòdab, pèmanan, ki estab pou tout Nouyòkè yo, ansanm ak moun ki sanzabri ak moun ki riske pou yo sanzabri. Tablo ki anba a prezante pwogram kle Vil la ofri pou popilasyon ki kalifye yo.

Tablo 10: Sèvis yo

Sèvis	Deskripsyon Pwogram
Sistèm Abri pou Moun ki Sanzabri	DHS bay lojman tranzisyon tanporè pou tout Nouyòkè ki sanzabri, ki gen ladann fanmi ki gen timoun ak granmoun selibatè.
Abri Dijans	Inite Sèvis Lojman Dijans (Emergency Housing Services, EHS) HPD a bay sèvis demenajman dijans ak asistans relojman pou fanmi ki te deplase soti kite kay yo akòz dife oswa lòd evakyasyon vil la bay. Yo mete fanmi ki deplase yo nan sant fanmi ak otèl ki gen yon sèl chanm nan Manhattan, Bronx, Brooklyn, ak Queens.
Pa Gen Vyolans Ankò (No Violence Again, NoVA)	Atravè Pwojè NoVA, DHS reponn ak bezwen viktim vyolans domestik k ap chèche abri dijans tanporè nan Vil New York. Travayè sosyal NoVA ki nan pòs nan sant dakèy yo ak nan plizyè abri DHS bay sèvis konfidansyèl tankou konsèy endividyèl ak gwoup, defans, referans, ak enfòmasyon pou kliyan ki afekte pa vyolans domestik.
Homebase	Pwogram Homebase HRA a bay Nouyòkè ki gen enstabilite lojman nan kominote a divès kalite sèvis prevansyon pou sanzabri ak sèvis swen apre pou fanmi ak moun k ap kite abri DHS Vil New York la pou ale nan lojman pèmanan.
CityFHEPS	Pwogram asistans pou lokasyon CityFHEPS la bay Nouyòkè ki nan bezwen yo èd finansye pou peye lwaye a, ede Nouyòkè ki sanzabri yo kite abri pou yo jwenn yon lojman pèmanan epi ede Nouyòkè ki gen enstabilite lojman yo rete lakay yo.

Sèvis	Deskripsyon Pwogram
HOME TBRA	Pwogram Asistans pou Lokatè ki baze sou Lokatè (Tenant-Based Rental Assistance, TBRA) HRA HOME, ki finanse pa Pwogram Patnè Envestisman HOME HUD a atravè HPD, ede fanmi ki kalifye ki nan abri ak moun ki sanzabri kwonik yo peye depans lwaye a. Finansman an limite, donk se pa tout fanmi ki nan abri oswa moun ki sanzabri ki respekte règ kalifikasyon yo ki resevwa asistans pou lokasyon nan pwogram sa a.
Pwogram Asistans Lwaye NYC 15/15 (NYC 15/15 Rental Assistance Program)	Pwogram NYC 15/15 la se yon pwogram asistans pou lokasyon Vil New York finanse ki ede fanmi oswa moun ki kalifye ki sanzabri oswa ki riske sanzabri lè li bay yon apatman abòdab ak sèvis sipò pou ede yo avanse nan direksyon objektif estabilite alontèm. Pwogram nan vize pou finanse ak devlope 15,000 nouvo inite lojman sipò nan Vil New York pandan 15 pwochen ane yo.
Koupon pou Lojman Ijans (Emergency Housing Voucher, EHV)	Pwogram EHV HUD finanse, ede fanmi ak moun ki sanzabri; moun ki gen risk pou yo sanzabri; moun ki sove oswa eseye sove anba vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, atak seksyèl, pèsekisyon, oswa trafik moun; oswa fenk sanzabri epi ki gen gwo risk enstabilite lojman pou jwenn lojman nan sibvansyon yo pou yo sipò nan lwaye selon revni yo.
Pwogram Supportive Housing Loan Program, SHLP (Supportive Housing Loan Program, SHLP)	Atravè SHLP, HPD fè prè bay devlopè san bi likratif ak devlopè ki la pou fè pwofi nan lojman sipò pèmanan ak sèvis sosyal sou plas. Pwojè ki devlope ak finansman SHLP dwe bay 60% inite pou moun ki sanzabri, moun ki gen andikap oswa fanmi ki sanzabri ki gen yon chèf fanmi ki gen andikap. Yo ka lwe 40% ki rete yo ak moun ki soti nan kominote a ki touche jiska 60% Revni Medyàn pou Zòn lan.
NYCHA	NYCHA sèvi plis pase 339,900 rezidan nan 162,143 apatman nan 277 devlopman lojman atravè pwogram lojman piblik konvansyonèl la (Seksyon 9). NYCHA sèvi tou 29,789 rezidan otorize nan 15,426 inite nan 58 devlopman ki te konvèti nan kad pwogram Angajman Pèmanan Abòdab Ansanm (Permanent Affordability Commitment Together, PACT). NYCHA bay opòtinite lojman pou fanmi ki sanzabri atravè plasman nan sistèm abri DHS la. Anplis, NYCHA konekte rezidan yo ak opòtinite nan otonomi finansye, devlopman biznis, avansman karyè, ak pwogram edikasyon.

Idantifye nenpòt mank ki genyen nan envantè abri ak lojman aktyèl la ansanm ak sistèm livrezon sèvis la:

Jan sa endike pi wo a, Vil New York gen yon seri lojman dijans, sèvis sipò ak pwogram asistans pou lokasyon pou popilasyon ki kalifye nan HOME-ARP. Sepandan, toujou gen yon bezwen enpòtan pou plis resous pou elaji pwogram ki la deja yo ak kreye nouvo. Yon evalyasyon pwogram ki la deja yo ak fidbak yo resevwa pandan angajman entèvenan yo montre ke gen yon gwo bezwen pou plis sèvis sipò, abri dijans, sibvansyon pou lokasyon, ak inite lokasyon abòdab.

Sèvis Sipò

Pandan lane ki sot pase yo, HPD te travay pou elaji opòtinite lojman pou moun ki sanzabri atravè tout aspè pwogram finansman ak asistans pou devlopman ajans lan. Atravè pwogram sa yo, ajans lan fè plizyè santèn plasman chak lane nan inite yo mete apa pou moun ki sanzabri yo. An 2021, Vil New York te resevwa 7,788 Bon Lojman Dijans (Emergency Housing Voucher, EHV) pou fanmi ki sanzabri, sa ki te pèmèt yon kantite fanmi kiteabri pou rantre nan yon lojman pèmanan.

Pandan resous sa yo se yon avantaj epi yon estabilizasyon pou kliyan ki sanzabri ak Vil la an jeneral, nivo sekirite ak sipò yo ofri pou ansyen lokatè ki sanzabri atravè diferan kalite lojman yo varye anpil. Gen yon nesosite pou bay retansyon lojman ak sèvis estabilizasyon ki konsistan pou fanmi ki sanzabri ki ap viv nan inite HPD oswa ki gen yon Bon pou Lojman Dijans, ki pa pral resevwa sèvis otreman pou ede tranzisyon reyisi yo soti nanabri pou rantre nan lojman pèmanan. Pandan ke Vil la te eseye sèvi kay sa yo sou yon baz jan sa nesese atravè referans nan pwogram Homebase HRA a, Homebase pa te gen dimansyon pou reponn ak gwo kantite nouvo kalite plasman HPD te kreye ak tan repons pou referans yo te pwolonje soti nan 48 èdtan pou rive 4 semèn. Pandan konsiltasyon nou yo, kèk entèvenan te pataje enkyetid konsènan finansman pou Homebase rete estab pandan lane yo pandan ke demann pou sèvis yo te ogmante san rete epi yo rekòmande pou bay plis fon pou elaji pwogram nan.

Epitou genyen yon bezwen klè pou asistans finansye pou plizyè dizèn milye rezidan nan lojman piblik. Kòm konsekans pandemi an, fanmi NYCHA ki gen revni fèb yo te gen difikilte pou yo peye lwaye yo epi yo gen plis pase \$466 milyon dola an aryere apati desanm 2022. Plis pase 71,000 fanmi gen aryere ak 20% nan fanmi ki dwe plis pase \$10,000 chak. Kay NYCHA yo se kèk nan pi ba revni nan vil la, ak yon revni brit mwayèn sèlman \$25,239. Vennsis (26) pousan nan fanmi ki gen aryere yo se chèf fanmi granmoun ki ajè, ak majorite nan granmoun ki ajè ki gen aryere yo ap viv pou kont yo. Senkant (50) pousan nan fanmi ki gen aryere yo ap travay ak yon repatisyon prèske egal ki gen timoun ki poko gen 18 lane ak fanmi ki pa gen timoun ki poko gen 18 lane. Akòz kontrent sa yo, pifò rezidan NYCHA ki gen aryere lwaye yo pa kapab, epi yo p ap kapab, reponn ak bezwen yo poukont yo.

Pandan ke Eta New York te lanse Pwogram Asistans pou Lwaye Djans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) pou ede lokatè ki te afekte ekonomikman akòz pandemi COVID la, yo te retire priorite rezidan ki te sibvansyone kòm yon pati nan ERAP, epi okenn lokatè sibvansyone pa te resevwa asistans pou aryere lwaye atravè pwogram nan. Kòm rezilta, gen yon gwo bezwen ki pa satisfè pou asistans finansye pou rezidan lojman piblik yo abòde aryere lwaye yo epi restabilize lojman yo.

Abri Dijans

Chak ane, plizyè santèn fanmi deplase kite nan kay yo akòz dife, lokasyon ilegal, ak lòt kondisyon danjere. Gen apeprè 1,500 nan evènman sa yo chak lane, epi HPD bayabri dijans ak sipò relojman pou fanmi ki deplase yo. Nan kèk ka, anplis pèdi kay yo, yo fòse Nouyòkè sa yo soti nan katye yo epi yo kite aktivite chak jou yo ak rezo sipò yo. Gen yon bezwen pou asire nou ka kenbe moun ki bezwenabri dijans pi pre kominote yo.

Èd pou Lojman Lokatif

Menm avèk divès pwogram sibvansyon pou lokasyon ki deja disponib pou Nouyòkè ki debòde ak chaj lwaye, bezwen an depase de lwen bon ki disponib yo. Jan nou te fè remake la nan kòmansman dokiman sa a, 53.4% nan lokatè Vil New York yo gen yon chaj finansye pou lojman ki plis pase 30%. An jeneral, 29.1%

peye plis pase 50% revni pou lwaye brit. Moun ki plis afekte yo se moun ki gen revni ki ba ki mwens pase 30% AMI, ki gen chaj finansye lwaye medyan ki pa tolerab ki se 81%. Yon evalyasyon pwogram aktyèl yo montre ke gen yon bezwen klè pou plis asistans pou lokasyon – yon bagay entèvenan yo konfime pandan konsiltasyon yo.

Yon egzanp se fidbak yo te resevwa nan men Biwo Majistra a pou fini ak vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks (Mayor's Office to End Domestic and Gender-Based Violence, ENDGBV) sou opsyon lojman pèmanan aktyèl yo pa ase pou reponn ak demann èd yo menm ak òganizasyon kominotè pou prevansyon vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks yo wè nan popilasyon sa a. Yon (1) pwogram ki te chanje done yo pou popilasyon sa a se Pwogram Bon Pou Lojman Djans (Emergency Housing Voucher, EHV). Dapre ENDGBV, pou premye fwa, sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks yo te konsidere kòm yon gwoup priyorite pou Seksyon 8 san lòt dokiman ki nesèsè pou aplike pou resous lojman ki gen anpil valè sa a (san se pa yon evalyasyon ki soti nan yon ajans referans vyolans domestik /vyolans ki baze sou sèks). ENDGBV se te ajans anchèf pou alokasyon ak priyorite pou popilasyon sa a. Alokasyon orijinal pou popilasyon sa a te 1,168 EHV, men yo te ba li 1,468 EHV. Malgre ke Vil la pare pou bay tout EHV li yo, yo prevwa ba li omwen 1,600 EHV pou popilasyon sa a anvan pwogram nan fèmen ofisyèlman. Sa montre akèl gwo bezwen èd siplemantè pou lokasyon popilasyon ki kalifye yo.

Devlopman Inite Lwaye Abòdab pou Fanmi ki Sanzabri

Jan sa endike nan Bay Vwazen Nou yo Lojman: Yon Plan pou Lojman ak Sanzabri, mank kontinyèl nan zafè opsyon lojman kontribye nan kriz aktyèl pou lojman abòdab ak fenomèn sanzabri nou an. Mank lojman ak lojman abòdab mete Nouyòkè yo nan pi gwo risk pou yo gen enstabilite lojman epi li rann li pi difisil pou rezidan ki sanzabri yo rejwenn lojman ki estab. Menmsi Vil la te elaji disponiblite ak pouvwa acha bon lojman pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ki sanzabri, tou senpleman pa gen ase kay ki disponib, sa ki fè li difisil pou fanmi ki gen bon yo jwenn yon apatman pou yo rantre ladan. (Sitasyon: <https://www.nyc.gov/assets/home/downloads/pdf/office-of-the-mayor/2022/Housing-Blueprint.pdf>). Gen yon gwo nesèsite pou devlope plis inite lojman sipò pou mete plis fanmi sanzabri nan kay.

Idantifye karakteristik lojman ki asosye ak enstabilite ak yon risk ogmante pou sanzabri si PJ a pral mete kondisyon sa yo nan definisyon "lòt popilasyon" li yo jan sa etabli nan Avi HOME-ARP a:

Karakteristik lojman ki asosye ak enstabilite ak ogmante risk pou sanzabri yo defini nan Plan Konsolidasyon Vil la kòm:

- Menas degèpisman
- Pa kenbe yon kontra lwaye
- Revni trè ba epi chaj finansye lwaye trè wo
- Lojman ki pa konfòm
- Kondisyon ki gen twòp moun
- Epizòd sanzabri ki resan

Yo defini lojman ki pa konfòm kòm yon mank plonbri oswa enstalasyon kizin konplè.

Kondisyon ki gen twòp moun yo defini kòm gen 1.01-1.5 moun pou chak chanm. Kondisyon ki gen twòp moun yon fason grav defini kòm gen > 1.51 moun pou chak chanm.

Fanmi ki gen revni ekstrèmman ba (Extremely Low-Income, ELI) (ki touche 0-30% AMI) ak fanmi ki gen anpil revni ki ba anpil (Very Low-Income, VLI) (ki touche 31-50% AMI) fè fas ak lojman ki pa konfòm,

twòp moun, ak chaj finansye ki plis pase 50 pousan nan to elve yon fason dispwopòsyonèl. Jan sa di pi wo a, 75.8 pousan nan fanmi lokatè ELI yo fè fas ak yon pwoblèm lojman grav.

Idantifye bezwen ki gen priorite pou popilasyon ki kalifye yo:

Atravè analiz done ak pwosesis konsiltasyon piblik ki dekri pi wo a, Vil la te idantifye sèvis sipò yo kòm yon pi gwo priorite pou QP yo. Gen 567,419 fanmi ELI ak VLI nan tout vil la ki ap fè fas ak gwo chaj finansye pou lojman, e fanmi sa yo gen plis chans pou yo fè fas ak lòt faktè ki ogmante risk pou yo sanzabri, tankou lojman ki pa konfòm, menas degèpisman, ak epizòd sanzabri ki resan. Apre pandemi COVID-19 la, plizyè santèn milye rezidan ki gen ladan 71,000 fanmi ki nan lojman piblik ap fè fas ak menas degèpisman akòz aryere lwaye yo. Ak kantite èd pou lokasyon pou fanmi ki sanzabri yo Bon Lojman Dijans federal (EHVs) ofri, gen yon pi gwo bezwen pou sèvis estabilizasyon ak retansyon pou asire ke fanmi sa yo pa retounen nanabri. Gwo majorite fidbak entèvenan yo te mete aksan sou bezwen sèvis sipò sa yo.

Vil la te idantifye tou ajou kabann ebèjman dijans pou granmoun kòm yon bezwen priorite pou QP yo. Kounye a gen yon defisi 464 kabann pou granmoun nan sistèmabri dijans Vil la. ***Eksplike kijan yo te detèmine nivo bezwen ak mank ki genyen nan envantèabri ak lojman li yo ak sistèm livrezon sèvis ki baze sou done yo prezante nan plan an:***

Pou idantifye nivo bezwen ak mank ki genyen nan envantèabri ak lojman li yo ak sistèm livrezon sèvis, Vil la te ogmante yon pakèt sous done ki gen ladan kontaj PIT Vil New York 2022, kontaj Envantè Lojman CoC, estimasyon Sondaj sou Kominote Ameriken (American Community Survey, ACS), ak done entèn ki soti nan ajans Vil yo tankou HPD, NYCHA ak HRA. Analiz sa a te enfòme plis nan konsiltasyon avèk entèvenan yo ki gen ladan ajans Vil yo, NYC CoC, PHA yo k ap sèvi PJ a, ak founisè lojman ak sèvis sosyal k ap sèvi QP nan tout vil la.

Aktivite HOME-ARP

Dekri metòd pou mande aplikasyon pou finansman ak/oswa chwazi devlopè, founisè sèvis, sou-benefisyè ak/oswa kontraktè epi si PJ a pral administre aktivite ki kalifye dirèkteman:

Founisè sèvis yo ta dwe idantifye atravè pwosesis akizasyon epi Vil la pral administre aktivite ki kalifye yo dirèkteman jan sa nesesè, epi dirèkteman fè patenarya ak lòt ajans ak Otorite Lojman Piblik lokal yo kòm sou-benefisyè finansman ki kalifye yo.

Si yo te bay yon sou-benefisyè oswa yon kontraktè yon pati nan fon administratif HOME-ARP PJ anvan HUD te aksepte plan alokasyon HOME-ARP la paske sou-benefisyè oswa kontraktè a responsab pou administrasyon tout sibvansyon HOME-ARP PJ a, idantifye sou-benefisyè a epi dekri wòl li ak responsablite li nan administre tout pwogram HOME-ARP PJ a:

Pa aplikab.

PJ yo dwe endike kantite finansman HOME-ARP ki planifye pou chak kalite aktivite HOME-ARP ki kalifye epi demontre ke nenpòt finansman planifye pou èd fonksyonman òganizasyon san bi likratif, devlopman kapasite san bi likratif, ak depans administratif yo nan limit HOME-ARP. Tablo ki anba la a ka sèvi pou reponn ak egzijans sa a.

Itilizasyon Finansman HOME-ARP

	Montan Finansman an	Pousantaj Sibvansyon an	Limit Legal
Sèvis Sipò	\$181,102,577		
Akizisyon ak Devlopman Abri Ki Pa Kolektif yo	\$25,000,000		
Èd pou Lojman Lokatif (Tenant-Based Rental Assistance, TBRA)	\$30,000,000		
Devlopman Lojman Lwaye Abòdab	\$0		
Èd Fonksyònman San Bi Likratif	\$0	0%	5%
Devlopman Kapasite San Bi Likratif	\$0	0%	5%
Administrasyon ak Planifikasyon	\$33,728,940	12.5%	15%
Alokasyon Total HOME ARP	\$269,831,517		

Decri kijan karakteristik envantè abri ak lojman, sistèm livrezon sèvis, ak bezwen yo idantifye nan analiz mank lan te bay yon rezon pou plan an finanse aktivite ki kalifye yo:

Dapre bezwen yo pa reponn ak yo pou sèvis sipò pou prevansyon sanzabri yo idantifye nan analiz mank lan, objektif prensipal Vil la se finanse aktivite sèvis sipò ki kalifye yo ki gen ladan retansyon lojman ak sèvis estabilizasyon pou ansyen fanmi ki te sanzabri, asistans finansye pou abòde aryere lwaye yo, ak lòt sèvis prevansyon pou fanmi ki gen risk pou yo sanzabri. Fon HOME-ARP yo atribye bay Èd pou Lojman Lokatif yo pral fè plis objektif prevansyon kont fenomèn sanzabri a tou lè yo bay fanmi ELI ak VLI ki gen gwo chaj finansye pou lwaye lòt pwogram èd pou lokasyon pa kapab sèvi akòz mank bon ki disponib.

Vil la rekonèt tou yon diferans nan aksè pou jwenn kabann ebèjman dijans pou granmoun ki fè fas ak fenomèn sanzabri. Fon HOME-ARP yo atribye pou Akizisyon ak Devlopman yon Abri ki pa Kolektif yo pral ede konble mank sa a, pou asire moun ki sanzabri yo gen aksè a abri dijans epi pou aleje chaj kapasite yo mete sou abri ki la deja nan envantè Vil la.

Objektif Pwodiksyon Lojman HOME-ARP

Estime kantite inite lojman abòdab pou lokasyon pou popilasyon ki kalifye ke PJ a pral pwodwi oswa sipòte ak alokasyon HOME-ARP li:

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York la (Department of Housing Preservation and Development, HPD) p ap itilize HOME-ARP pou pwodui lojman pou lokasyon.

Dekri objektif pwodiksyon lojman pou lokasyon abòdab espesifik ke PJ a espere reyalize epi dekri kijan li pral reponn ak bezwen priyorite PJ a:

Pa aplikab

Preferans

Idantifye si PJ a gen entansyon privilejye youn oswa plizyè popilasyon ki kalifye oswa youn sou-popilasyon nan youn oswa plizyè popilasyon ki kalifye pou nenpòt aktivite oswa pwojè ki kalifye:

- Preferans pa ka vyole okenn kondisyon aplikab nan sa ki gen pou wè ak lojman san patipri, dwa sivil, ak kondisyon ki pa diskriminasyon, ki gen ladan, men pa limite ak, kondisyon sa yo ki nan lis nan 24 CFR 5.105(a).
- PJ yo pa oblije dekri pwojè espesifik kote preferans yo pral aplike.

Fon Sèvis Sosyal:

Yon pòsyon nan fon sèvis sosyal la ka gen ladann yon preferans pou fanmi kote omwen yon (1) manm nan fanmi an gen plis pase 55 lane nan popilasyon ki kalifye nan Sanzabri, Ki Gen Risk pou Sanzabri, ak Lòt.

Asistans Lwaye Baze sou Lokatè:

Vil New York gen entansyon limite kalifikasyon pou moun ki gen anpil chaj finansye pou lwaye oswa ki gen anpil gwo chaj finansye pou lwaye, epi konsa konsantre pwogram nan sou kay ki gen gwo risk enstabilite nan zafè lojman.

Si yo te idantifye yon preferans, eksplike kijan itilizasyon yon preferans oswa youn metòd oswa youn priyorite pral reponn ak bezwen ki pa satisfè oswa nan avantaj ak sèvis moun ak fanmi yo resevwa nan popilasyon ki kalifye oswa kategori popilasyon ki kalifye a, ki konsistan avèk evalyasyon bezwen PJ a ak analiz mank:

Fon Sèvis Sosyal:

Itilizasyon yon preferans pou yon pòsyon nan fon sèvis sosyal yo pral asire ke moun aje nan popilasyon ki kalifye yo, ki tou gen yon bezwen sèvis ki pi wo pase sa tipikman yo ofri nan bilding rezidansyèl plizyè fanmi yo, kapab granmoun an sekirite ak yon fason estab sou plas yon fwa yo ba yo lojman.

Asistans Lwaye Baze sou Lokatè:

Sondaj ki pi resan sou Lojman ak Lojman Vid nan Vil la te jwenn ke plis pase mwaye nan lokatè vil la gen chaj finansye pou lwaye, epi majorite moun ki gen revni anyèl ki mwens pase \$25,000 yo te gen gwo chaj finansye pou lwaye. Sa a mete aksan sou nesosite pou zouti siplemantè pou diminye chaj finansye pou lwaye lokatè atravè vil la ki gen chaj finansye pou lwaye oswa ki gen gwo chaj finansye pou lwaye.

Si yo te idantifye yon preferans, dekri kijan PJ a pral itilize fon HOME-ARP pou reponn ak bezwen ki pa satisfè oswa mank ki genyen nan avantaj ak sèvis lòt popilasyon ki kalifye yo ki pa nan preferans lan:

Fon Sèvis Sosyal:

Pandan ke plan an idantifye yon preferans pou yon pòsyon nan fon sèvis sosyal yo, li pa eskli lòt popilasyon ki kalifye pou yo desèvi yo ak fon HOME-ARP yo, ki konsistan avèk bezwen ki pa satisfè ak mank ki genyen yo idantifye pou popilasyon ki kalifye yo idantifye nan plan sa a.

Asistans Lwaye Baze sou Lokatè:

HPD pral sèvi ak lajan TBRA pou ede fanmi ki gen pi gwo risk pou enstabilite lojman k ap viv nan lojman HPD, kòm yon pwojè pilòt pou enfòmè konsepsyon pwogram nan alavni.

Direktiv pou Refinansman HOME-ARP

Si PJ a gen entansyon itilize fon HOME-ARP pou refinance dèt ki la deja lojman pou plizyè fanmi garanti ke y ap reyabilite ak fon HOME-ARP, PJ a dwe endike direktiv refinansman HOME-ARP li yo an akò avèk [24 CFR 92.206\(b\)](#). Direktiv yo dwe dekri kondisyon kote PJ a pral refinance dèt ki la deja pou yon pwojè lokasyon HOME-ARP, ki gen ladan:

- ***Etabli yon nivo minimòm reyabilitasyon pou chak inite oswa yon rapò obligatwa ant reyabilitasyon ak refinansman pou demontre reyabilitasyon lojman pou lokasyon HOME-ARP yo se aktivite prensipal ki kalifye***
NYC p ap sèvi ak fon HOME-ARP pou refinance dèt ki la deja.
- ***Egzije yon revizyon nan pratik jesyon yo pou demontre ke dezinvestisman nan pwopriyete a pa te fèt; ke yo ka satisfè bezwen alontèm pwojè a; epi yo ka demontre posiblite pou sèvi popilasyon ki kalifye yo pou peryòd konfòmite minimòm nan.***
Pa aplikab
- ***Deklare si yo ap fè nouvo envestisman an pou kenbe inite abòdab aktyèl yo, kreye lòt inite abòdab, oswa toude.***
Pa aplikab
- ***Espesifye peryòd konfòmite obligatwa a, si li se minimòm 15 lane oswa plis.***
Pa aplikab
- ***Deklare ke fon HOME-ARP pa ka sèvi pou refinance prè plizyè fanmi yo fè oswa nenpòt pwogram federal asire, ki gen ladan CDBG.***
Pa aplikab
- ***Lòt kondisyon nan direktiv PJ yo, si sa aplikab:***
Pa aplikab